



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO INISYATIV NAN TOUT ETA A POU METE FEN  
NAN KRIZ SITIYASYON SANZABRI A AK ABÒDE INEGALITE KI DIRE DEPI  
LONTAN NAN LOJMAN**

***Nouvo inisyativ "Sipò pou Opsyon Sekirite" a pral deplwaye ekip nan vil Nouyòk  
ak nan lòt zòn ki sible yo pou angaje ak moun ki sanzabri nan lari yo***

***Gouvènè a pral aplike tou nouvo politik ki sèvi ak finansman piblik pou elaji aksè  
ak lojman epi pwoteje lokatè yo kont ekspilsyon***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon gwo efò nan tout eta a pou konbat kriz sitiyaasyon sanzabri a epi adrese inegalite ki dire depi lontan nan mache lojman an nan kad diskou sou sitiyaasyon Eta 2022 a. Gouvènè Hochul pral etabli ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) atravè Vil Nouyòk ak nan rejyon yo sible yo atravè eta a kote sitiyaasyon sanzabri nan lari yo pi etann li, epi sèvi ak fon piblik pou aplike inisyativ ki elaji aksè ak lojman epi pwoteje lokatè yo kont ekspilsyon.

"Pèsonn pa ta dwe dòmi nan lari nenpòt kote nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke devastasyon ekonomik pandemi COVID-19 la vin pi agrave kriz sanzabri a, nou konnen gen inegalite estriktirèl ki dire depi lontan ki bezwen abòde pou bay Nouyòkè yo kay ki estab, ki an sante. Mwen pran angajman pou m ede Nouyòkè ki pi bezwen li yo jwenn aksè ak lojman ak bon jan kalite swen yo merite."

Plan lojman Gouvènè Hochul la pral abòde inegalite sistemik ki lakòz ensekirite lojman epi ki fòse Nouyòkè yo vin nan sitiyaasyon sanzabri. Inisyativ sa a yo pral gen ladan:

- **Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (SOS):** Ekip pratisyen sante mantal ki resevwa fòmasyon, ke yo konnen kòm Ekip Sipò pou Opsyon Sekirite (SOS), pral travay avèk abri pou ijans yo, founisè sansibilizasyon yo, ansanm ak founisè lojman pèmanan ak lojman sipò yo, pou tranzisyon moun k ap viv nan lari a nan yon lojman ki estab. Yo pral deplwaye nan Vil Nouyòk, kote apeprè 3,900 moun ap viv nan lari, ansanm ak lòt zòn ki gen gwo bezwen nan Eta New York, pou bay tranzisyon entansif ak sèvis kowòdinasyon sipò bay moun ki sanzabri yo ki gen yon istwa maladi mantal, twoub itilizasyon sibstans, oswa lòt faktè risk idantifye ki mete yo nan pi gwo risk pou yo rete nan abri, lopital, ak nan prizon yon fason repete. Ekip SOS Eta a ap dirije a pral kolabore ak kowòdone ak ekip sansibilizasyon premye liy ki ap dirije pa Vil Nouyòk, ansanm ak Depatman Sèvis

Sosyal (Department of Social Services) Vil New York, pou angaje moun ki ap eksperimente sityasyon sanzabri nan lari yo pou ede yo garanti plasman nan pwogram lojman ijans oswa lojman sipò ak sèvis sosyal ki konplè. Ekip sa yo pral elaji pòte aktyèl ki abòde travay "ekip pou Entèvansyon nan Moman Enpòtan" yo ap fè, epi yo pral ogmante echèl pòte elaji sa a, ni nan Vil New York ak atravè eta a.

- **Mete fen nan rediksyon taks 421-a epi etabli yon nouvo pwogram ki pi efikas:** Kòm pwogram 421-a pral ekspire an 2022, Gouvènè Hochul pral pwopoze yon nouvo rediksyon taks ki ankouraje konstriksyon lojman pou lokasyon atravè Vil Nouyòk pandan l ap kreye yon abòdabilite pèmanan ak pi pwofon. Nouvo rediksyon taks Gouvènè Hochul pwopoze a pral vize pou kreye abòdabilite ki pi pwofon pou sèvi fanmi ki gen revni ki pi ba pase 421-a; kreye abòdabilite alontèm pou bay plis estabilite pou fanmi ki gen revni fèb yo; asire disponibilite alontèm inite lokasyon abòdab nan katye yo atravè Vil la; restriktire rediksyon taks la pou asire maksimòm efikasite dola kontribyab yo; antre an akò ak objektif klimatik Vil la ak Eta a lè yo egzije teknoloji kabòn net, elektrifikasyon ak sistèm batiman ki pare pou elektrifikasyon; pèmèt fleksibilite pou pèmèt konstriksyon pi piti batiman ki vyab finansyèman; epi kreye yon opsyon aksè ak pwopriyetè kay ki konplètman abòdab pou ankouraje opòtinite aksè ak pwopriyetè kay pou revni ki fèb ak modere atravè Vil la.
- **Amelyore aksè ak lojman pou lokatè ki enplike nan sistèm jistis kriminel la oswa ki gen istwa kredi negatif:** Gouvènè Hochul pral pwopoze de pati lejislasyon pou anpeche diskriminasyon sou baz nòt kredi oswa entèraksyon ak sistèm jistis kriminel la. Yon nouvo lwa pral entèdi pwopriyetè rezidansyèl yo otomatikman refize aplikan ki gen move istwa kredi, ki sipoze ke aplikan an ka demontre sekirite finansye resan. Lòt la pral elimine kapasite yon pwopriyetè prive pou rejte otomatikman moun ki gen enplikasyon ak lajistis epi li pral mande pou founisè lojman yo fè evalyasyon endividyèl ki teni kont sikonstans yon kondanasyon ak prèv reyabilitasyon pandan y ap toujou asire sekirite ak byennèt rezidan ki egziste deja yo.
- **Kreye yon pwogram asistans legal pou prevansyon ekspilsyon:** Gouvènè Hochul pral kreye Pwogram Asistans Legal pou Prevansyon Ekspilsyon, ki pral bay asistans legal pou lokatè nò eta yo ki pa gen mwayen pou peye yon avoka nan pwosedi eksplisyon yo. Finansman an ta aplike pou lokatè k ap fè fas ak ekspilsyon ki gen revni ki nan oswa pi ba pase 200 pousan nan nivo povrete federal la epi yo ta bay founisè sèvis legal lokal yo, tankou Legal Aid Society nan Northeastern New York, Legal Services nan New York Santral, LAW-NY ak lòt òganizasyon yo. Inisyativ sa a pral elaji tou pwogram Tès Lojman Ekitab (Fair Housing Testing) la pou bay plis tès lojman ekkitab ak edikasyon nan tout eta a.
- **Kreye yon inite pèmanan pou rekiperasyon ak rezistans pou katastwòf pou rebati kay:** Gouvènè Hochul pral kreye Inite Rekiperasyon ak Rezistans pou Katastwòf (Disaster Recovery and Resiliency Unit) Eta New York la, ki pral loje

nan depatman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè (Homes and Community Renewal, HCR) a, pou fasilite administrasyon fon federal yo pou satisfè bezwen rekipasyon yo avèk efikasite yon fason pèmanan. Sa pral ranplase Biwo Sekou pou Tanpèt Gouvènè (Governor's Office of Storm Relief, GOSR) a, yon depatman ki finanse pa finansman federal ki gen pou li ekspire talè.

Konsantrasyon prensipal inite a pral gen ladan li ogmante efò rekipasyon yo ak kowòdone inisyativ rezistans pou alafwa gwo ak ti katastwòf yo atravè Eta a; kowòdone premye repons ak rekipasyon alontèm pa FEMA oswa ajans repons pou ijans Eta a yo; idantifye bezwen yo, deplwaye resous yon fason rapid ak ekitab, epi retrase finansman pou tout ajans yo apre yon tanpèt; bati aplikasyon an liy lè yo sèvi avèk ekspètiz GOSR nan jesyon done; ak jere yon pòtfolyo pwogram anvan ak apre katastwòf, patikilyèman sa yo ki konsantre sou efò rekonstriksyon pwopriyete kay yo, amelyorasyon rezistans pou pwopriyete kay ak kominote yo, ak sit racha volontè.

- **Abòde povrete pou anpeche sitiyasyon sanzabri nan tout eta a:** Gouvènè Hochul rekonèt estrikti aktyèl Asistans Piblik (Public Assistance, PA) pa bay ase ankourajman pou fanmi yo ogmante salè ak ekonomi, jan sa nesesè pou bay estabilite lojman. Pou abòde sa a, New York pral chanje sèy kalifikasyon yo, pèmèt fanmi yo egzonere plis revni anvan li diminye avantaj PA a epi pèmèt fanmi yo ekonomize plis anvan ekonomi yo rann yo pa elijib pou PA. Anplis de sa, New York pral elimine peryòd datant 45 jou avantaj Asistans Filè Sekirite (Safety Net Assistance, SNA) a pou asire ke moun ki elijib yo resevwa rapidman sipò revni debaz ki nesesè ke anpil Nouyòkè konte sou yo, ki gen ladan moun k ap retounen nan kominote yo apre yo soti nan prizon.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)